Pou Piblikasyon Imedya: 11/05/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOUVO BIWO PWOTEKSYON POU ATAKE PRI MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON YO

Nouvo Biwo Avantaj Famasi a pral sipèvize endistri Manadjè Avantaj Famasi ki pa reglemante a

Mande Depatman Sèvis Finansye pou etabli estanda pou pwoteje konsomatè yo ak ti biznis endepandan yo

Manadjè Avantaj Famasi yo oblije enskri nan Nouvo Biwo a anvan 1e jen epi soumèt rapò anyèl anvan 1e jiyè

Gid sou Enskripsyon ak Rapò PBM disponib kounye a sou sitwèb DFS la

Gouvènè Kathy Hochul jodi a anonse premye apwòch inik pou pote sipèvizyon ki nesesè pou Manadjè Avantaj Famasi (Pharmacy Benefit Managers, PBMs) yo ak kreyasyon Biwo Avantaj Famasi (Pharmacy Benefits Bureau) Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) la. Manadjè Avantaj Famasi yo se entèmedyè kle nan chèn apwovizyònman pou medikaman sou preskripsyon ki, san sipèvizyon reglemantè, depi lontan kontwole pri medikaman pou plan sante yo ak pousantaj ranbousman pou famasi yo. Nouvo biwo a pral gen responsabilite pou bay lisans ak sipèvize endistri a, pou veye sou enpak Manadjè Avantaj Famasi yo genyen sou konsomatè yo ak pri swen sante yo.

"Pandan n ap kontinye rekipere anba pandemi COVID-19 la, li enpòtan pou nou pran tout opòtinite pou amelyore sistèm swen sante a ak redui depans Nouyòkè yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Òganis reglemantè enpòtan sa a pral bay bonjan sipèvizyon pou pwoteje konsomatè yo kont pratik predatè nan endistri Manadjè Avantaj Famasi ki pa reglemante yo. Administrasyon mwen an rete angaje pou fè tout sa li kapab pou diminye fado asirans sante ak depans medikaman sou preskripsyon sou Nouyòkè yo."

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Kathy Hochul te siyen an lwa rejim reglemantè ki pi konplè pou Manadjè Avantaj Famasi yo (PBMs) nan peyi a, bay DFS nouvo otorite pou lisanse ak sipèvize endistri a. Kounye a, DFS gen pouvwa pou adrese pratik pwoblematik ke yo te rapòte anpil nan endistri PBM lan ki pral ede diminye depans pou

medikaman ak asirans sante an retou, pwoteje Nouyòkè yo k ap pran medikaman sa yo, epi sipòte famasi New York yo, anpil ladan yo se ti biznis endepandan.

Anplis de sa, ak pasaj Bidjè Eta pou ane 2023 ke yo te adopte a, Gouvènè Hochul te garanti yon afektasyon 5 milyon dola pou finanse ak mete anplwaye nan nouvo biwo a. Pandan pwogram nan ap devlope totalman, depans pou administre inisyativ sa a pral konpanse atravè aplikasyon frè, evalyasyon, ak penalite dirèkteman sou endistri PBM lan, pou asire pri pou reglemante endistri sa a pral tonbe sou PBM yo, pa sou kontribyab yo.

Anplis règleman PBM yo, otorite DFS ki egziste deja yo pou mennen ankèt sou ogmantasyo yo kounye a tonbe anba sipèvizyon nouvo Biwo Avantaj Famasi yo. DFS pral kontinye revize rapò, kontwole konduit mache a epi asire ke yo ap fè respekte pwoteksyon konsomatè yo kòrèkteman nan New York.

Sipèentandan Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare, "Sante ak byennèt Nouyòkè yo depann de aksè ak medikaman sou preskripsyon nan yon pri ki jis. Avèk sipèvizyon reglemantè endistri Avantaj Famasi yo, DFS pral ogmante transparans ak responsablite atravè endistri a, sa k ap finalman mete plis lajan nan pòch Nouyòkè yo."

Komisè Sante Eta New York la, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Ogmante pri medikaman sou preskripsyon yo non sèlman ogmante pri swen sante pou tout Nouyòkè yo, men tou mete yon chay patikilye sou granmoun aje yo epi agrave inegalite sistemik nan livrezon swen sante yo. DOH ak DFS pral travay dekonsè pou ankouraje transparans, prezève aksè a, epi redwi pri k ap monte nan pri medikaman sou preskripsyon yo pou moun ki pi vilnerab yo."

Senatè Eta Neil D. Breslin, te deklare, "Endistri PBM lan pa te règlemante depi ase lontan. PBM yo, isit la nan New York ak atravè peyi a te pwofite mank transparans nan detriman byennèt pasyan yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul, Sipè-entandan Harris ak Komisè Bassett paske yo fè pwosesis reglemantè a avanse pi devan pou asire ke PBM yo kenbe yon estanda ekselans."

Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare, "PBM yo rekonèt anpil kòm aktè majè nan ogmante depans medikaman yo pandan y ap pwofite sou pasyan yo ak famasyen yo. Yo te yon bwat nwa ki fonksyone an sekrè san règleman efikas ak move tretman PBM yo sou famasyen endepandan yo ap vin pi mal pandan plan sante yo melanje avèk famasi an chèn yo. Lwa sa a pral bay yon règleman efikas sou PBM e mwen felisite Gouvènè a, Komisè Bassett ak Sipè-entandan Harris paske yo avanse ak aplikasyon an alè."

DFS te rankontre ak moun ki gen enterè ekstèn yo pou fè reparasyon pou dat limit enskripsyon yo. DFS raple tout PBM yo egzijans pou yo enskri nan Biwo a anvan 1e jen 2022 epi pou yo soumèt premye rapò anyèl yo anvan 1e jiyè 2022. Biwo a deja pibliye gid sou alafwa enskripsyon ak rapò anyèl la sou sit entènèt DFS la.

DFS pral byento depoze amandman reglemantè ki reflete kreyasyon Biwo sa a. Pral gen plis enfòmasyon disponib nan Rejis Eta a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418